

# Nouvo Règleman Vizitè yo pou Redwi Pwopagasyon Kowonaviris la

Depatman Sante nan Etat New York pibliye novo règleman pou vizitè lopital ak moun k ap bay swen yo.

Apati 18 mas 2020, tout vizit pasyan nan NYC Health + Hospitals yo AP SISPANN eksepte:

- + Lè sa medikalman nesesè epi vizitè a esansyèl nan swen pasyan an;
- + Vizitè a se yon manm fanmi osinon yon reprezantan legal yon pasyan ki nan yon sitiyasyon fen lavi ki iminan.
- + Pou yon vizitè de yon fanm k ap akouche, yon timoun ki fenk fèt (neonatal ICU), oswa yon pasyan pedyat.

Kennenpòt vizitè ki reponn ak nenpòt nan eksepsyon anwo yo, dwe pase yon tès depistaj pou sentòm tous, souf kout, oswa lafyèv, osinon potansyèl ekspozisyon ak yon moun ki gen COVID-19 la, anvan yo antre nan lopital la.

Vizitè ki montre sentòm COVID-19 la, oswa ki te ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19 la pap otorize al vizite pasyan yo.

Longè vizit ak kantite vizitè yo ap limite.

